

**Yon Màynyèl pou Paran pou Ka
Depandans, Neglijans,
ak Abi**



**Eta Delaware –
Tribinal pou Kòz Lafanmi**



TAB MATYÈ

Adrès Tribinal pou Kòz Lafanmi yo.....	3-5
Apèsi	6-7
Enfòmasyon enpòtan pou w konnen anvan odyans tribinal la....	8-9
Responsablite w antanke paran	10-11
Kiyès k ap anndan sal odyans lan?.....	12
Nan konbyen odyans w ap patisipe?.....	13-15
Glosè	16-18
Kontak enpòtan	19
Dat pwochen odyans tribinal yo.....	20
Modèl Fòmilè Plan pou Ka.....	21-23
Remak.	24-26

Adrès Tribinal pou Kòz Lafanmi

Gen twa Tribinal pou Kòz Lafanmi nan Delaware:

Leonard L. Williams Justice Center
(ki te rele New Castle County
Courthouse anvan sa)
500 North King Street
Wilmington, DE 19801




Orè: Lendi-Vandredi 8:30am - 4:30pm

Nimewo Prensipal: 302-255-0300

Pakin:

Disponib nan pakin etablisman Leonard L. Williams Justice Center a ki chita akote tribinal la. Ou ka antre nan pakin etablisman an swa nan Walnut Street (sou bò goch apre w fin travèse 4th Street la), swa nan King Street (vire agòch aprè w fin pase Wilmington College). Pakin lan gen plas pou andikape ki disponib nan garaj la. Tribinal la gen ranp aksè ak pòt otomatik.

Gen yon lòt pakin ki disponib pou manm piblik yo lè pakin Palè Jistis la plen. Gade lis pakin ak garaj ki toupre tribinal la ak tarif yo chak jou sou <https://courts.delaware.gov/family/>



Adrès Tribinal pou Kòz Lafanmi

Adrès:

Tribinal pou Kòz Lafanmi - Konte Kent
400 Court Street
Dover, DE 19901


Orè: Lendi-Vandredi 8:30am - 4:30pm

Enfòmasyon: 302-672-1000



Pakin:

Pakin lan sou River Road, anfas Tribinal la. Gen lòt plas pakin nan lari a ki disponib sou River Road. Tribinal la gen ranp aksè pou moun ki andikape.



Adrès Tribinal pou Kòz Lafanmi

Adrès:


Tribinal pou Kòz Lafanmi - Konte Sussex
22 The Circle
Georgetown, DE 19947

Orè: Lendi-Vandredi 8:30am - 4:30pm

Enfòmasyon: 302-855-7400

Pakin:

Gen pakin ki pa nan lari ki disponib. Tribinal la gen ranp aksè ak pòt otomatik pou moun ki andikape.



Apèsi

Tribinal pou Kòz Lafanmi Delaware tande ka ki gen rapò avèk depandans, neglijan ak abi sou timoun. Si ou menm ak fanmi w te fenk pase nan yon ankèt Divizyon Sèvis pou Fanmi (Division of Family Services, DFS) epi yo te detèmine yo dwe retire pitit ou a (yo) nan men w, w ap gen pou w ale nan Tribinal pou Kòz Lafanmi an. Y ap chwazi yon jij pou tande ka w la pandan y ap mete pitit ou a (yo) nan gad DFS.

Kijan gid sa a ka ede w:

Objektif gid sa a se pou ba w yon apèsi sou ak kisa w ka atann ou pandan enplikasyon w nan Tribinal pou Kòz Lafanmi an. Gid sa a pa bay konsèy jiridik. Li bay enfòmasyon konkrè sou pwosedi tribinal la. Li bay tou kèk konsèy itil epi li fè w konnen ak kisa w gen dwa antanke paran pandan tan sa a. Avoka w la ap la pou ede w si w gen nenpòt kesyon sou gid sa a.

Odyans nan Tribinal pou Kòz Lafanmi:

Li enpòtan pou ou asiste ak patisipe nan odyans tribinal ou yo. Ou se yon moun enpòtan anpil nan lavi pitit ou a (yo). Sa se yon opòtinite pou w fè tande vwa ou. Tribinal pou Kòz Lafanmi Delaware vle tande w epi l ap kontan wè w nan tribinal la.

Dwa pou jwenn avoka:

Si w pa gen mwayen pou w anboche yon avoka, w ap jwenn youn gratis. Asire ou pale ak avoka ou a sou fason pou w pi byen prepare pou tribinal la. Si ou pa patisipe nan odyans ou an, y ap pran desizyon konsènan pitit ou san ou.

Petisyon:

W ap resevwa dokiman ki di w ki akizasyon yo te fè kont ou ki te lakòz yo te plase pitit ou a (yo) nan yon etablisman akèy andeyò fanmi an. Sa a se petisyon an epi y ap egzamine l nan premye odyans tribinal ou a.

Avi:

W ap resevwa yon avi k ap endike dat ak lè odyans tribinal ou a. Ou ka resevwa avi a sou imèl, pa lapòs, oswa an pèsòn atravè sèvis livrezon ofisyèl dokiman legal nan adrès rezidansyèl ou a. Tanpri vini nan tribinal la oswa patisipe nan odyans anliy ou an avèk enfòmasyon sa yo. Yon lòt fwa ankò, Tribinal pou Kòz Lafanmi an vle ou patisipe nan odyans ou yo ; tanpri ale nan tribinal la oswa patisipe nan odyans anliy ou an k ap fèt nan dat ki te pwograme pou sa. Si w pa konnen si odyans ou an ap fèt an pèsòn nan tribinal la oswa si l ap fèt anliy sou Zoom, kontakte travayè DFS la, avoka yo chwazi pou ou a, oswa Tribinal pou Kòz Lafanmi an anvan dat odyans ou an te pwograme a.

**Afidavi pou Sipòte Demann Pwosedi a san w pa peye frè yo
(*In Forma Pauperis*):**

Ou ka resevwa yon fòmilè enfòmasyon finansye. Sa ap ede jij la detèmine si avoka ou a ap kontinye travay sou ka w la. Si w resevwa l, ou dwe ranpli li epi mache ak li pandan odyans ou an.

Enfòmasyon enpòtan pou w konnen anvan odyans tribinal la

Kisa mwen dwe konnen anvan m ale nan tribinal la?

- Ou dwe konnen telefòn selilè ak aparèy elektwonik entèdi anndan Leonard L. Williams Justice Center (Konte New Castle). Yo pa otorize manje oswa bwason nan sal tribinal la, nan kèlkeswa konte a.
- Pale ak avoka ou a oswa travayè DFS la pou konfime dat ak lè odyans lan epi konnen si odyans lan ap fèt an pèsòn oswa sou Zoom. Fè yo konn sa si w bezwen èd pou w jwenn transpò pou ale nan odyans lan oswa si w bezwen asistans teknik pou Zoom.
- Si odyans ou an ap fèt an pèsòn, planifye pou w rive 20 minit davans pou w gen ase tan pou w pase kontwòl sekirite yo lè w rive nan tribinal la epi pou w gen tan pou w rankontre avoka w la ak lòt moun ki enplike nan ka w la anvan w antre nan sal odyans lan.
- Pou odyans an pèsòn yo, si w pa konnen nan ki etaj/sal odyans pou w ale lè w antre nan tribinal la, mande nan Biwo Enfòmasyon an. W ap bezwen siyen tou nan resepsyon ki deyò sal odyans lan lè w rive nan bon etaj/sal odyans lan.

Kisa mwen dwe konnen anvan odyans anliy mwen an?

- Si odyans ou a ap fèt anliy sou Zoom, asire ou gen aksè ak yon aparèy elektwonik ki gen aplikasyon Zoom lan oswa fè lòt aranjman ak avoka w la. Ou dwe planifye pou w konekte nan odyans lan omwen 5 minit anvan li kòmanse.
- Kontakte avoka w la oswa travayè DFS la tousuit si w gen difikilte pou w konekte. Li nòmal pou gen moun ki oblije rete tann anvan yo aksepte yo nan odyans Zoom lan, kidonk pa dekonekte.
- Ou dwe poukont ou pandan odyans anliy ou an. Si gen yon lòt moun ki prezan ak ou, tanpri fè Jij la ak avoka w la konn sa.
- Pa ni manje, ni bwè, ni fimen pandan ou nan odyans Zoom ou an. Tanpri rete devan kamera nan nivo sa posib, epi pa mache ni ap kondi pandan odyans lan.

Kisa mwen dwe genyen avè m nan odyans mwen an?

- Mande avoka w la ki dokiman enpòtan w ap bezwen pote oswa genyen disponib pou odyans ou an. Mache ak dokiman sa yo lè se yon odyans an pèsòn, oswa voye yo ale bay avoka ou a davans pi vit posib si odyans ou

Enfòmasyon enpòtan pou w konnen anvan odyans tribinal la

an ap fèt anliy sou Zoom.

- Ou ka mennen yon moun ki pou sipòte w nan chak odyans. Jij la ap decide si li apwopriye pou moun sa a antre nan sal odyans lan oswa si li ap ka asiste odyans anliy la nan kòmansman odyans lan.
- Ou ka ekri sa ou vle di yo anvan ou vin nan tribinal la. Apresa, ou ka diskite sou sa ou vle di yo ak avoka w la epi decide si ou pral temwaye.
- Si w bezwen yon entèprèt, fè avoka w la oswa travayè DFS la konn sa anvan dat odyans ou an.
- Si w gen yon zanmi oswa yon fanmi ki vle sèvi kòm yon resous plasman oswa vizit pou pitit ou a (yo), fè travayè DFS la ak avoka w la konn sa. Bay travayè DFS la ak avoka w la kontak zanmi w oswa fanmi w pou yo ka konsidere yo pou plasman an oswa kòm yon resous vizit/tan pou pase an fanmi.

Kisa mwen dwe konnen pou odyans mwen an?

- Ou ka rele jij ou a "Majistra" oswa "Jij."
- Ap gen anpil enfòmasyon k ap diskite nan tribinal la. Si yon moun di yon bagay ou pa dakò ak li, fè avoka w la konn sa. Fè atansyon ak fason w ap reyaji pandan odyans lan epi toujou aji ak respè. Pa pale san pèmisyon jij la oswa avoka w la.

Kijan mwen dwe abiye pou odyans mwen an?

- Menm si pa gen okenn kòd vestimantè ki ekri pou lè w pral nan sal odyans yo, gen kèk abiman yo konsidere ki pa apwopriye. Sa gen ladan l bout pantalon, chòtdeben, bout rad ak rad dekolte ak sandal. Ou dwe retire linèt nwa ki pa preskri yo depi w antre nan sal odyans yo. Pa mete chapo sof si ou fè sa pou rezon relijye oswa medikal. Kòd vestimantè sa a aplikab ni pou odyans an pèsòn ni pou odyans anliy yo. Tanpri sonje abiye pou odyans anliy yo menm jan ou t ap abiye pou odyans an pèsòn yo.

Responsablite w antanke paran

Ki moun k ap avoka mwen an?

- Ou ka anboche pwòp avoka ou, oswa si ou pa gen mwayen pou anboche yon avoka, y ap ba w youn pou reprezante w gratis.
- Avoka y ap ba w la diferan de avoka ki reprezante pitit ou a (yo) oswa DFS.
- Avoka Paran yo ba w la p ap travay pou tribinal la oswa pou DFS. Li la pou trete ka w la epi l ap travay nan enterè ou.

Kijan avoka m lan kapab ede m?

- Avoka w la ap koute w.
- Avoka w la ap poze w kesyon sou relasyon w genyen ak pitit ou a (yo).
- Avoka w la ap ede w pale ak jij la epi l ap travay pou asire li prezante vèsyon pa w la nan koze sa a.
- Avoka w la ap ede w konprann lòd jij la te bay konsènan ka w la.
- Ou ka pale an prive ak avoka w la sou ka w la.
- Avoka w la ap eksplike w kisa ki konfidansyèl.
- Ou gen lòt dwa anplis dwa ou genyen pou yon avoka reprezante w. Mande avoka w la yon kopi Seksyon 2520 Tit 13 la pou plis enfòmasyon sou devwa ak dwa paran yo dapre òdonans pou gad DFS la.

Kòman m ka ede avoka mwen an nan ka mwen an?

- Li enpòtan pou w kominike ak avoka w la. Tanpri fè avoka w la konnen pi bon fason pou l kontakte w.
- Si w gen yon nimewo telefòn, tanpri bay avoka w la nimewo w la, epi fè li konnen si ou ta chanje l.
- Si w prefere kominike nan mesaj tèks oswa sou yon lòt aplikasyon ki sou telefòn ou an, diskite sou sa ak avoka w la.
- Pataje adrès postal ou ak imèl ou ak avoka w la.
- Li enpòtan anpil pou w bay avoka w la enfòmasyon kontak aktyèl ou yo epi pou w mete yo ajou chak fwa w ap demenaje oswa chanje nimewo telefòn ou oswa lòt enfòmasyon kontak ou yo.
- Pran randevou pou w pale ak avoka w la anvan ak aprè pwosè a. Kontakte avoka w la si w gen kesyon.
- Ale nan tribinal la chak lè gen odyans.

Responsablite w antanke paran

- Fè avoka w la konnen nenpòt lòt pwoblèm legal oswa odyans tribinal ou enlike nan yo.
- Ale nan vizit/pase tan an fanmi ak pitit ou a (yo). Fè avoka w la konn sa tousuit si w gen nenpòt difikilte pou w planifye oswa ale nan vizit yo/pase tan an fanmi.
- Anplis vizit/tan pou pase an fanmi yo, ap gen anpil aktivite andeyò sal odyans lan, tankou reyinyon ekip, reyinyon lekòl, vizit kay doktè, reyinyon pou abitye ak paran adoptif yo, reyinyon pou pran desizyon an ekip, konferans ak avoka w la. Li enpòtan pou ou ale nan tout randevou yo. Si w pa kapab ale, fè avoka w la ak/oswa travayè DFS la konn sa epi eslike poukisa ou pa kapab ale nan randevou a.
- Patisipe nan kreye Plan Ka ou a. Plan Ka a se yon dokiman y ap diskite sou li nan prèske chak odyans yo. Plan Ka a eslike sa ou menm, antanke paran, ap fè pou w ka travay pou reyini ak pitit ou a (yo). Pale ak travayè DFS la ak avoka w la sou fason ou ka patisipe nan kreye plan sa a.
- Suiv Plan Ka w la. Tanpri asire ou konprann sa ki nan Plan Ka w la. Si w gen nenpòt kesyon, pale ak avoka w la oswa travayè DFS ou a.

Kiyès k ap anndan sal odyans lan?

Ap gen plizyè moun ki enplike nan ka w la nan tribinal la. Moun sa yo gen diferan tit/non.

Avoka ki reprezante w la rele **Avoka Paran**.

Avoka ki reprezante pitit ou a (yo) rele **Avoka Minè**. Pitit ou a ka gen yon volontè yo ba li tou pou travay ak li ki rele **Avoka Espesyal Tribinal la Nonmen (Court Appointed Special Advocate, CASA)**.

Avoka ki reprezante Divizyon Sèvis pou Fanmi yo rele **Pwokirè Jeneral Adjwen (Deputy Attorney General, DAG)**.

Travayè **Divizyon Sèvis pou Fanmi (DFS)** ki enplike nan ka w la.

Pafwa DFS konn gen kontra ak ajans prive pou bay fanmi w sèvis. Yon **travayè ajans prive** ka prezan tou.

Responsab tanporè yo ka prezan nan tribinal la.

Pèsonèl tribinal la ap prezan. Pèsonèl tribinal la ka gen ladan l ajan sekirite tribinal la, asistan legal oswa estenograf tribinal yo.

Finalman, **Jij Tribinal pou Kòz Lafanmi** an ap tande tout enfòmasyon sou pwosè w la epi l ap bay òdonans konsènan sa ki ap rive ou menm ak pitit ou a (yo) pandan tan sa a. Tanpri pale ak avoka w la konsènan òdonans sa yo.

Nan konbyen odyans w ap patisipe?

Sa ap depann de pwòp ka ou a. Gen plizyè diferan odyans ki ka fèt nan yon ka. Gen kèk fanmi ki ka gen mwens odyans pase kèk lòt.

Odyans Preliminè pou Pwoteksyon: Premye odyans Tribinal la ap fè a rele Odyans Preliminè pou Pwoteksyon oswa PPH. Odyans sa a fèt nan espas 10 jou aprè yo retire pitit ou (yo) lakay ou a. Jij la ap detèmine si gen ase prèv pou kenbe pitit ou a (yo) nan gad DFS la jiskaske yon jijman nòmal ka fèt. Odyans sa a pa genyen responsabilite pou bay bonjan kalite prèv epi jeneralman yo pèmèt ou di sa w te tande yo di. Ou dwe deja an kontak ak avoka w la epi l ap pale avèk ou tousuit anvan odyans ou an. Ou ta dwe gen yon orè vizit/tan pou pase an fanmi nan fen odyans sa a epi ou ta dwe pale ak avoka ou a sou nenpòt enkyetid ou ka genyen sou sa.

Odyans pou Desizyon: Odyans sa a fèt anviwon 40 jou aprè yo te retire pitit ou a (yo) lakay ou a. Sa a se jijman pou ka w la pou detèmine si gen ase prèv ki montre timoun lan depandan, neglije oswa toude paran yo t ap abize l, epi si timoun lan dwe rete nan gad DFS pou li kapab an sekirite. Gen plis responsabilite pou bay bonjan kalite prèv nan Odyans pou Desizyon an pase nan PPH la epi yo pa pèmèt ou di sa w te tande yo di. Avoka w la ap gen yon posibilite pou prezante prèv ak temwen pou ou nan odyans sa a.

Si yo bay lòd pou gad pitit ou a (yo) rete nan men DFS, tanpri pale ak avoka w la AK travayè DFS la sou pwosesis Plan Ka a. Antanke paran, li enpòtan pou ou patisipe nan plan w ap responsab pou reyalize a pandan plizyè mwa k ap vini yo.

Odyans Dispozisyon: Odyans sa a fèt anviwon 70 jou aprè yo te retire pitit ou a (yo) lakay ou a. Nan moman Odyans Dispozisyon an, ou ta dwe deja an kontak ak travayè tretman DFS la sou Plan Ka w la. Plan Ka a esplike sa ou dwe fè pou pitit ou a (yo) kapab retounen lakay li (yo). Plan Ka a bay yon lis sèvis DFS ap ofri ou menm ak pitit ou a (yo). Ou menm ak avoka w la kapab tou sijere DFS ak jij la

Nan konbyen odyans w ap patisipe?

nepòt sèvis oswa pwogram nou kwè k ap ede w oswa, altènativman, ki ta dwe nan Plan Ka w la. Menm jan an tou, nan odyans sa a, avoka w la ka mande pou yo retire kèk sèvis nan Plan Ka a si yo pa nesesè. DFS ap voye yon kopi Plan Ka a bay tribinal la kèk jou anvan Odyans Dispozisyon an.

Tanpri pale ak avoka w la sou Plan Ka w la. ***W ap jwenn yon modèl Plan Ka nan do manyèl sa a pou w konsilte.***

Odyans Revizyon: Jeneralman, odyans sa yo fèt nan espas 90 jou aprè Odyans Dispozisyon an epi y ap fèt sou chak 90 jou. Si w patisipe nan yon Odyans Revizyon an janvyè, gen anpil chans pou w retounen nan tribinal la nan mwa mas oswa avril pou pwochen odyans ou an.

Nan yon Odyans Revizyon w ap diskite sou pitit ou a (yo) ak pwogrè ou fè nan kad Plan Ka w la. Men sou ki sijè yo kapab diskite:

- Nenpòt randevou medikal oswa dantè pitit ou a (yo) te genyen ak suivi randevou sa yo.
- Kijan pitit ou (yo) konpòte li (yo) nan lekòl la oswa nan gadri a epi si gen nenpòt bezwen edikasyon espesyal yo dwe konsidere.
- Kijan pitit ou a (yo) konpòte li (yo) nan fanmi akèy la. Responsab tanporè a kapab ale nan tribinal la tou.
- Kijan vizit/tan pou pase an fanmi yo ye ant ou menm ak pitit ou a (yo), konbyen fwa ou patisipe nan vizit/tan pou pase an fanmi, epi si ta dwe gen plis vizit/tan pou pase an fanmi.
- Ki kantite pwogrè ou fè nan kad Plan Ka w la epi nan ki domèn ou bezwen ankadreman.
- Ki chanjman, si genyen, ki dwe fèt nan Plan Ka w la.

Odyans Pèmanan: Jeneralman, odyans sa a fèt 12 mwa aprè yo fin mete pitit ou a (yo) nan fanmi akèy la. Si pitit ou a (yo) poko retounen lakay ou nan moman odyans sa a, tribinal la dwe konsidere ki plan pèmanans k ap apwopriye pou pitit ou a (yo) nan odyans sa a.

Nan konbyen odyans w ap patisipe?

W ap gen tan diskite sa ak avoka w la ak travayè DFS la lè ou vin nan tribinal la pou odyans sa a.

Tribinal la ap konsidere plan sa a pou ka w la:

1. Kontinye Reyinifikasyon - Yo ka pèmèt ou kontinye travay sou Plan Ka w la pandan yon ti tan. Si w te travay toutbon sou Plan Ka w la epi DFS ak tribinal la espere w ka rive reyalize Plan Ka w la nan yon delè ki rezonab, ou ka gen pèmasyon pou w fè sa. Tanpri pale plis ak avoka w la sou sa.
2. Gad legal oswa Gad legal Pèmanan - Si gen yon moun ki enterese pou vin yon responsab oswa yon responsab pèmanan pitit ou a, jij la ka chanje plan pèmanans lan epi pwograme yon odyans pou yon petisyon gad legal oswa gad legal pèmanan.
3. Yon Lòt Aranjman pou Lavi Pèmanan (APPLA) - Si pitit ou a (yo) gen plis pase 16 lane, yo ka kontinye rete nan fanmi akèy la jiskaske yo rive nan laj adilt ki se 18 lane. Lè pitit ou a gen 18 lane, dosye DFS ou a fini.
4. Sispansyon Dwa Paran (TPR) - Tribinal la ka deside sispansyon dwa ou kòm paran, yon fason pou pèmèt adopsyon pitit ou a (yo). Nan ka sa a, y ap pwograme yon Odyans pou Sispansyon Dwa Paran.

Li enpòtan pou ou pale ak avoka w la sou divès opsyon pèmanans sa yo ak sa yo vle di pou sitiyasyon w lan.

Odyans Sispansyon Dwa Paran: Odyans sa a fèt si DFS depoze yon petisyon pou mete fen nan dwa paran yo, epi jij la ap chanje plan pèmanans lan pou mete li nan sispansyon dwa paran yo. Tribinal la ap deside si l ap mete fen nan dwa paran w genyen yo epi si mete fen nan dwa paran w yo se nan pi bon enterè pitit ou a (yo). Responsabilite pou bay bonjan kalite prèv yo pi wo nan odyans sa a.

Glosè

Abi – Si tribinal la estime ou te fè abi sou pitit ou a, sa vle di tribinal la kwè pitit ou a te blese fizikman, seksyèlman, emosyonèlman, ou te tötire l, eksplwate l, oswa maltrete l pandan li te sou responsablite w.

Odyans pou desizyon – Odyans, oswa jijman, kote tribinal la deside si pitit ou a (yo) depandan, neglije oswa abize pandan li (yo) te sou responsablite w.

APPLA – Aranjman Altènatif pou Lavi Pèmanan. Sa a se lè yo bay pitit ou a (yo) sèvis lavi endepandan pou prepare li (yo) pou lè l(y) ap kite swen adoptif la.

Mèt – Mèt se yon lòt fason yo rele avoka.

Plan Ka – Dokiman ekri ki endike sa ou dwe fè pou pitit ou (yo) retounen vin jwenn ou. Li bay yon lis sèvis DFS ap bay ou menm ak pitit ou a (yo) pou ede w fè pitit ou (yo) retounen vin jwenn ou.

CASA – Avoka Espesyal Tribinal la Nonmen. Sa a se yon volontè jij la nonmen pou chèche sa k ap nan pi bon enterè pitit ou a (yo). Ou ka gen yon CASA oswa ou ka pa genyen tou nan ka w la.

Avoka Timoun – Se avoka ki gen responsablite pou reprezante pitit ou a (yo).

Konteste – Si ou konteste yon odyans, sa vle di ou pa dakò ak sa DFS vle epi ou vle pou gen yon jijman konplè.

Gad – Gad la se dwa legal pou pran swen timoun lan (yo).

Depandan – Si yo jwenn pitit ou a (yo) depandan, sa vle di tribinal la kwè ou pa kapab byen pran swen pitit ou a (yo) nan moman an.

Odyans Dispozisyon – Sa a se odyans kote jij la deside sa ou dwe fè pou kenbe oswa fè pitit ou a (yo) retounen lakay ou. Nan odyans sa a, yo egzamine epi òdone yon Plan Ka.

Avoka DFS/DAG – Pwokirè Jeneral Adjwen an. Avoka sa a reprezante DFS nan tribinal la.

Travayè sosyal DFS – Moun sa a ap travay pou DFS epi l ap ede w planifye reyalizasyon Plan Ka w la. L ap asire l tou gen vizit ki fèt ak ou menm epi pitit ou a (yo).

Dilijans Rezonab – DFS oblije chèche epi eseye lokalize manm fanmi ki kapab yon resous pou pitit ou a (yo).

Temwànyaj yon sèl pati (Ex Parte) – Sa a se yon premye lòd jij la te bay anvan li te tande opinyon ou yo. Odonans sa a bay DFS gad tanporè pitit ou (yo) a.

Glosè

Entèvenan Familyal – Yo kapab ba w yon entèvenan familyal (“FI”) pou ede w devlope konpetans ki nesèsè pou atenn objektif Plan Ka w la.

Responsab Tanporè – Moun sa a ap bay pitit ou (yo) swen lakay li pandan yon ti tan.

Gadyen – Moun ki gen dwa legal pou pran swen timoun lan (yo).

Endijans - Lè ou pa gen mwayen pou w peye pwòp avoka ou.

Etid Fwaye ICPC – Kontra ant eta yo pou plasman timoun yo. Si y ap mete pitit ou a (yo) andeyò eta a (menm si se lakay yon fanmi oswa yon pwòch), eta timoun lan pral ladan an dwe fè yon etid sou fwaye fanmi plasman timoun lan (yo) pral ladann nan alavans, pou asire li an sekirite pou pitit ou a (yo).

Ofisyè Jidisyè – Jij la se moun ki responsab dosye w la. Jij la asire l tout moun fè travay li gen pou fè a nan ka w la.

Neglijè – Si yo konsidere pitit ou a (yo) neglijè, sa vle di tribinal la kwè bezwen fondamantal pitit ou a (yo) pa satisfè pandan li (yo) te sou responsablite w.

Odyans Pèmanans – Sa a se yon odyans kote jij la deside ki plan pèmanans k ap apwopriye pou fanmi w pi devan.

Plan pèmanans – Plan pou plasman pèmanan pitit ou a (yo).

PPH – Odyans Preliminè pou Pwoteksyon. Sa a se yon odyans tou kout ki fèt imedyatman aprè yo te retire timoun lan (yo) lakay ou a. Tribinal la deside si timoun lan (yo) dwe retounen lakay ou oswa si yo dwe kontinye pran swen li (yo) andeyò lakay li jiskaske yon odyans pou desizyon fèt.

Estanda paran ki rezonab epi ki pridan – Desizyon paran ki pran prekosyon epi ki rezonab k ap prezève sante, sekirite ak pi bon enterè timoun lan (yo), pandan y ap ankouraje kwasans emosyonèl ak devlopman timoun lan (yo). Yon responsab tanporè oswa yon moun k ap bay swen dwe aplike estanda paran ki rezonab epi ki pridan an lè l ap detèmine si l ap pèmèt timoun (yo) ki sou responsablite li pandan li (yo) nan gad DFS la patisipe nan aktivite ekstra-eskolè, anrichisman, kiltirèl ak sosyal.

Efò rezonab – DFS oblije demontre li te fè efò rezonab pou ba w sèvis ki nesèsè yo epi pou ede w pare pou w vin yon paran apientan pou pitit ou a (yo) san pwoblèm.

Reyinifikasyon – Sa se lè ou jwenn oswa rebran gad pitit ou a (yo).

Odyans pou revizyon – Sa se yon odyans pou verifye kijan w ap pwogrese nan kad Plan Ka w la ak kijan pitit ou a (yo) ap viv nan gad DFS la.

Estipilasyon – Yon estipilasyon se yon akò. Si ou estipile pitit ou a (yo) depandan, neglijè oswa abize, sa vle di ou dakò pou yo mete pitit ou a (yo) yon lòt kote ki pa lakay li (yo) pou kounye a. Si w pa estipile anyen, y ap konteste odyans ou an.

Glosè

TDM – Nan reyinyon pou pran desizyon an ekip la, moun ki envesti nan byennèt pitit ou a (yo) reyini ansanm pou deside sou yon plan pou plasman pitit ou a (yo) ki sekirize.

TPR/Adopsyon – Sispansyon dwa paran se lè ou pèdi dwa legal ou antanke paran pitit ou a (yo). Lè sa a, yo ka adopte timoun lan (yo).

Odyans TPR – Odyans Sispansyon Dwa Paran. Sa se yon odyans kote yo detèmine si w ap pèdi dwa legal ou antanke paran pitit ou a (yo). Si sa rive, yo kapab adopte timoun lan (yo). Ou gen dwa tou pou w fè apèl kont desizyon an. Se pa tout ka ki rive nan sispansyon dwa paran.

Zoom – Yon aplikasyon gratis ki sou telefòn ou oswa òdinatè w pou apèl oswa reyinyon videyo. Ou ka patisipe nan reyinyon Zoom tou sou telefòn oswa sou navigatè entènèt. Gen kèk Odyans Tribinal pou Kòz Lafanmi ki fèt sou Zoom.

**Important Names, Addresses, Phone
Numbers: / *Non, adrès, nimewo telefòn
enpòtan yo:***

**YOUR PARENT ATTORNEY'S NAME & CONTACT /
*NON AK KONTAK AVOKA PARAN W LAN***

**DFS INVESTIGATIVE WORKER'S NAME & CONTACT /
*NON AK KONTAK ANKETÈ DFS LA***

**DFS TREATMENT WORKER'S NAME & CONTACT /
*NON AK KONTAK TRAVAYÈ TRETMAN DFS LA***

CASA'S NAME & CONTACT / *NON AK KONTAK CASA*

**CHILD ATTORNEY'S NAME & CONTACT /
*NON AK KONTAK AVOKA TIMOUN LAN***

**FAMILY INTERVENTIONIST'S NAME & CONTACT /
*NON AK KONTAK ENTÈVENAN FAMILYAL LA***

OTHER: / *LÒT:* _____

Upcoming Court Hearing Dates /
Dat pwochen odyans tribinal yo

DATE / DAT	TIME / LÈ	LOCATION / ADRÈS	NOTES / REMAK

Case Plan To Do List (check when completed) /

Lis sa ou gen pou w fè nan kad Plan Ka a (*koche li depi w fin fè li*)

Substance Abuse Evaluation: / Evalyasyon abi sibstans:

Where(circle): / *Ki kote (antoure):* Brandywine Co. / CORAS / PSI /

Other: / *Lòt:* _____

When: / *Kilè:* _____

Address: / *Adrès:* _____ Phone No.: / *Nimewo telefòn:* _____

Contact Person: / *Moun pou kontakte:* _____

Treatment Schedule: / Kalandriye tretman:

Individual sessions: m / t / w / th / f __ a.m./p.m. / *Sejans endividyèl: l / m / m / j / v __ a.m./p.m.*

Group: m / t / w / th / f __ a.m./p.m. / *An gwoup: l / m / m / j / v __ a.m./p.m.*

Address: / *Adrès:* _____ Phone No.: / *Nimewo telefòn:* _____

Contact Person: / *Moun pou kontakte:* _____

Family Interventionist: / Entèvenan famiyal:

Where (circle): New Behavior Network / Child Inc. / Children & Families First / Other: / *Ki*

kote (antoure): New Behavior Network / Child Inc. / Children & Families First / Lòt: _____

Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent /

Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran

Address: / *Adrès:* _____ Phone No.: / *Nimewo telefòn:* _____

Contact Person: / *Moun pou kontakte:* _____

When: / *Kilè:* _____

Parenting Classes: / Kou pou paran yo:

Where (circle): New Behavior Network / Child Inc. / Children & Families First / Other: /

Ki kote (antoure): New Behavior Network / Child Inc. / Children & Families First / Lòt: _____

Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent

Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran

Address: / *Adrès:* _____ Phone No.: / *Nimewo telefòn:* _____

Contact Person: / *Moun pou kontakte:* _____

When: / *Kilè:* _____

Mental Health Evaluation: / Evalyasyon sante mantal:

Where (circle): Brandywine Counseling / CORAS. / People's Place / A Balanced Reality / Mid-Atlantic Beha. Health / Other: /

Ki kote (antoure): Brandywine Counseling / CORAS. / People's Place / A Balanced Reality / Mid-Atlantic Beha. Health / Lòt: _____

Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent /

Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran

Address: / *Adrès:* _____ Phone No.: / *Nimewo telefòn:* _____

Contact Person: / *Moun pou kontakte:* _____

When: / *Kilè:* _____

Mental Health Treatment: / Tretman pou sante mantal:

Where (circle): Brandywine Counseling / CORAS / People's Place / A Balanced Reality / Mid-Atlantic Beha. Health / Other: /

Ki kote (antoure): Brandywine Counseling / CORAS / People's Place / A Balanced Reality / Mid-Atlantic Beha. Health / Lòt: _____

Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent /

Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran

Address: / Adrès: _____ Phone No.: / Nimewo telefòn: _____
Contact Person: / Moun pou kontakte: _____
When: / Kilè: _____

Domestic Violence Liaison: / Lyezon ak sèvis Lit kont vyolans domestik:

Where (circle): DFS / Child Inc. / Other: /
Ki kote (antoure): DFS / Child Inc. / Lòt: _____
Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent /
Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran
Address: / Adrès: _____ Phone No.: / Nimewo telefòn: _____
Contact Person: / Moun pou kontakte: _____
When: / Kilè: _____

Domestic Violence Counseling: / Konsèy sou vyolans domestik:

Where (circle): DFS / Child Inc. / A Balanced Reality / Other: /
Ki kote (antoure): DFS / Child Inc. / A Balanced Reality / Lòt: _____
Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent /
Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran
Address: / Adrès: _____ Phone No.: / Nimewo telefòn: _____
Contact Person: / Moun pou kontakte: _____
When: / Kilè: _____

Vocational Training: / Fòmasyon pwofèsyonèl:

Where: / Ki kote: _____
Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent /
Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran
Address: / Adrès: _____ Phone No.: / Nimewo telefòn: _____
Contact Person: / Moun pou kontakte: _____
When: / Kilè: _____

Other: / Lòt: _____

Where: / Ki kote: _____

Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent /
Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran
Address: / Adrès: _____ Phone No.: / Nimewo telefòn: _____
Contact Person: / Moun pou kontakte: _____
When: / Kilè: _____

Other: / Lòt: _____

Where: / Ki kote: _____

Who schedules intake / appointment (circle): DFS Worker / Parent /
Ki moun ki pwograme admisyon an / randevou a (antoure): Travayè DFS / Paran
Address: / Adrès: _____ Phone No.: / Nimewo telefòn: _____
Contact Person: / Moun pou kontakte: _____
When: / Kilè: _____

Visitation/Family Time Schedule: / Orè Vizit/Tan pou pase an Fanmi:

Where (circle): / Ki kote (antoure): DFS Office / Bwo DFS Other: / Lòt: _____
Address: / Adrès: _____ Phone No.: / Nimewo telefòn: _____
Contact Person: / Moun pou kontakte: _____
When: / Kilè: _____

Important Information to Talk with Your DFS Worker About: /

Enfòmasyon enpòtan pou w diskite avèk Travayè DFS ou a:

- What should you do if you need Transportation Assistance to visit your children? / *Kisa ou dwe fè si w bezwen èd pou transpò pou w vizite pitit ou yo?*
- When do you need to request this Transportation Assistance? / *Kilè ou bezwen mande Asistans pou Transpò sa a?*
- If your Visitation schedule needs to be changed, when do you need to notify them? / *Si ou bezwen chanje orè vizit ou yo, kilè ou dwe fè yo konn sa?*
- Does your child(ren) have any upcoming medical appointments that you should attend? / *Èske pitit ou a (yo) gen randevou medikal ki pwograme li (yo) dwe ale?*
 - If so, when, / *Si genyen, kilè, _____* and where / *epi ki kote _____?*
- Does your child(ren) have any upcoming educational meetings that you should attend? / *Èske pitit ou (yo) gen reyinyon edikatif ki pwograme ou ta dwe patisipe?*
 - If so, when, / *Si genyen, kilè, _____* and where / *epi ki kote _____?*
- Are there any changes in Court dates? / *Èske gen chanjman nan dat Tribinal la?*

Next Meeting Date for DFS: / *Pwochen dat reyinyon DFS:*

Your Appointment is with: / *Randevou w la se ak:* _____ Dates / *Dat* _____

Your Appointment is with: / *Randevou w la se ak:* _____ Dates / *Dat* _____

Address: / *Adrès:* _____

Please Remember to Bring: / *Tanpri sonje pote:* _____

Questions for your DFS Worker: / *Kesyon pou Travayè DFS ou a:* _____

Next Meeting Date with your Parent Attorney: / *Dat pwochen reyinyon ak Paran Avoka w la:*

Your Appointment is with: / *Randevou w la se ak:* _____ Dates / *Dat* _____

Your Appointment is with: / *Randevou w la se ak:* _____ Dates / *Dat* _____

Address: / *Adrès:* _____

Please Remember to Bring: / *Tanpri sonje pote:* _____

Questions for your Attorney: / *Kesyon pou avoka w la:* _____

Important Phone Numbers: / *Nimewo telefòn ki enpòtan:*

Parent Attorney: / *Avoka paran:* _____ Number: / *Nimewo:* _____

DFS Worker: / *Travayè DFS:* _____ Number: / *Nimewo:* _____

DFS Supervisor: / *Sipèvizè DFS:* _____ Number: / *Nimewo:* _____

CASA / *CASA* _____ Number: / *Nimewo:* _____

Your Child's Caseworker: / *Travayè sosyal pitit ou a:* _____

Number: / *Nimewo:* _____

PBH Worker: / *Travayè PBH:* _____ Number: / *Nimewo:* _____

Family Court Judge: / *Jij Tribinal pou Kòz Lafanmi:* _____

Notes / *Remak*

Notes / *Remak*
